

# Leson 5: Sèvis Pastoral

*Ou ta ka anseye tout leson sa a oubyen separe l an sègman ki pi kout. Adapte leson sa a ak sikonstans lokal ak bezwen ou yo, laj ak konpreyasyon prezidans kowòm oubyen klas ou an.*

## JEZIKRI TE ANSENYE KIJAN POU NOU FÈ SÈVIS PASTORAL

Pou ede manm prezidans kowòm oubyen klas la wè Jezikri kòm egzanp sèvis pastoral yo, ou ta ka envite yo pale konsènan ansèyman ak egzanp sèvis Li (gade [Lik 10:25–37](#); [3 Nefi 17:5–10](#)). Eksplike ke sèvis pastoral se pran swen yon moun jan Sovè a t ap fè sa. Kilè yon moun te fè sa pou ou, epi kijan sa te fè w santi w? Nan ki fason egzanp Kris lan aplike ak efò nou pou nou fè sèvis pastoral pou manm kowòm oubyen klas nou yo? Pou lòt moun?

## NOU KA FÈ SÈVIS PASTORAL POU MOUN KI BÒ KOTE NOU

Pou ede manm prezidans yo resewa enspirasyon konsènan kijan pou yo fè sèvis pastoral pou manm kowòm oubyen klas yo, envite yo diskite chak moun pa non yo (sekretè a ka jwenn yon lis klas la nan app Zouti Manm yo oubyen mande grefye pawas lan). Kesyon ki pi ba yo kapab ede:

- Kisa nou konnen osijè yo?
- Kisa ki se fòs ak defi inik yo?
- Kisa nou ka fè ki ta ka ede yo (pa egzanp, nan sèvis ak aktivite ak reyinyon Dimanch yo)?

Mande manm prezidans yo pou yo konsidere tou kijan yo ka ankouraje manm kowòm oubyen klas yo pou yo itilize fòs ak talan yo pou yo sèvi lòt moun, ni anndan ni deyò kowòm oubyen klas yo.

Envite prezidans kowòm oubyen klas la pou yo aji sou sa yo santi yo enspire pou yo fè. Yo gendwa vle revize ak modifiye plan yo te fè nan denyè reyinyon prezidans yo an pou yo enkli nouvo plan yo. Asire w ke yo konprann ke enfòmasyon sansib ki te pataje konsènan yon moun ta dwe rete konfidansyèl.

## RESOUS YO POU SIPÒ

- *Manyèl Enstriksyon Jeneral: Sèvi nan Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo*, [chapit 21](#), ChurchofJesusChrist.org
- [2 Korentyen 6:4–7](#); [Mozya 18:8–9](#); [Doktrin ak Alyans 84:106](#)
- [Videyo “Ansanm Nou Fò”](#)